# Ǵárezsizlik bayramı ilajların ótkeriw tártipleri belgilendi

Image not found or type unknown

Sońǵı waqıtlarda elimizde koronavirus penen keselleniw kórsetkishleri salıstırmalı túrde turaqlılasıp atırǵanın esapqa alıp, Respublikalıq arnawlı komissiya tárepinen Ózbekstan Respublikası mámleketlik ǵárezsizliginiń otız jıllıq bayramı ilajların kóterińki ruwxta ótkeriw maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasında ashıq maydanlarda seyiller, koncert tamashaları hám kewilashar baǵdarlamalardı shólkemlestiriw boyınsha tiyisli shólkemler tárepinen berilgen usınıslar maqullandı.

Ǵárezsizliktiń otız jıllıǵı bayramına tayarlıq kóriw hám onı joqarı dárejede ótkeriwdi támiyinlewge juwapkerler tárepinen bayram ilajlarına keliwshilerdiń nıqap taǵıwı, sociallıq aralıqtı saqlawı, jeke gigienalıq qaǵıydalarǵa qatań ámel etiwi boyınsha qadaǵalawdı kúsheytiwdi támiyinlewi shártligi belgilendi.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi.